

Chèche konnen plis

Chèche konnen plis enfòmasyon de kisa Chemen Karyè Edikasyon Granmoun IRSC a (IRSC AECP) kapab ofri nan <http://aecp.irsc.edu>



facebook.com/IRSCAECP

Widmark Johnson, se yon gradye pwogram GED® Prep ki gen yon bon travay nan yon Estasyon Ponpye.



Indian River State College pa nan diskriminasyon ki baze ni sou ras, koulè, orijin nasyonal, etnisite, sèks, relijyon, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, eta sivil, estati veteran, ni enfòmasyon jenetik nan pwogram li ak aktivite li yo. Moun ki deziyen pou okipe kesyon sou règleman zewo- diskriminasyon an se:

Adriene B. Jefferson,

Dean of Minority Affairs/Equity Officer/Title IX Coordinator
IRSC Main Campus • 3209 Virginia Ave. • Fort Pierce, FL 34981
(772) 462-7606

Lokasyon IRSC yo GED® Prep, Adult High School, ESL

St. Lucie County

Main Campus

3209 Virginia Avenue ■ Fort Pierce, FL
AHS/GED® Prep ■ (772) 462-7401

Blackburn Educational Building

3002 Avenue D ■ Fort Pierce, FL
GED® Prep/ESL ■ (772) 462-7487

Pruitt Campus

500 N.W. California Blvd. ■ Port St. Lucie, FL
GED® Prep ■ (772) 336-6206

Prima Vista Adult Education Center

419 Irving Street ■ Port St. Lucie, FL
ESL ■ (772) 343-9553

Martin County

Chastain Campus

2400 S.E. Salerno Road ■ Stuart, FL
AHS/GED® Prep ■ (772) 419-5620
ESL ■ (772) 419-5610

Indian River County

Mueller Campus

6155 College Lane ■ Vero Beach, FL
GED® Prep ■ (772) 226-2536
ESL/Citizenship ■ (772) 226-2507

Okeechobee County

Dixon Hendry Campus

2229 N.W. 9th Avenue ■ Okeechobee, FL
AHS/GED® Prep/ESL ■ (863) 824-6009

INDIAN RIVER STATE COLLEGE se yon kolèj leta konplè, ki klase kòm youn nan pi meyè nan peyi a akòz de angajman li nan siksè etidyan yo. Kolèj sa se youn nan Dis Finalis nasyonal pou pri prestijye Aspen Prize la. IRSC klase kòm 9yèm pi bon kolèj leta nan rejyon Sid la dapre *U.S. News & World Report*. Plis ke 30,000 moun enskri nan kou IRSC chak ane. Sa ki atire yo se bon jan kalite, konvenyans epi ekolaj la abòdab. IRSC te nan 4yèm plas kòm Kolèj Ki Pi Abòdab nan tout peyi a pandan de ane, dapre Department Edikasyon US la. Etidyan IRSC yo benefisye avek anpil bous pou etidye epi ak opòtinite pou èd finansye.

Tout aspè nan IRSC se konsantre pou ede etidyan yo reyisi ak klas ki pa gen anpil moun, ak yonetalay sèvis ki pou bay etidyan yo sipò, ak kanpis ki pa lwen, epi ak klas ki sou entènèt. IRSC te seleksyone kòm yon kolèj *Achieving the Dream™*, plis li byen renome pou sipò li bay etidyan depi yo komanse enskri jis yo al travay.

IRSC ofri plis ke 150 pwogram, ki gen ladan yo degre Bakaloreya, degre Associate nan Arts (A.A.) pou kontinye edikasyon nan IRSC oswa yon inivèsite, degre Associate nan Syans (A.S.) pou antre nan karyè grandemann selman apre de ane fòmasyon, gen pwogram sètifika kout tèm, epi gen Fòmasyon Rapid pou Travay.

www.irsc.edu or 1-866-792-4772



Fort Pierce • Okeechobee
St. Lucie West • Stuart
Vero Beach

GED® se yon mak depoze American Council on Education (ACE) ki administre sèlman sou lisans GED Testing Service LLC. Materyèl sa wap li a pa ni andose ni apwouve ak ACE oswa GED Testing Service.

Creole Version

ADULT EDUCATION

GED® PREP, ADULT HIGH SCHOOL
& ENGLISH AS A SECOND LANGUAGE



INDIAN RIVER
STATE COLLEGE



Pouki Rezon Chwazi Edikasyon Granmoun IRSC a?

Eske ou vle santi ou kontan ak tèt ou, ogmante konfidans ou, epi pi byen konprann mond ki antoure ou la?

Nan pwogram IRSC GED® Prep, Lekòl Segondè, obyen ESL, wap aprann ladrès esansyèl ak fason pou sèvi ak teknoloji pou vin nan pi bon pozisyon pou fè plis lajan. Dapre Biwo Estatistik Travay, moun ki gen diplòm lekòl segondè touche preske \$15,000 plis chak ane pase moun ki pa gen diplom nan.

Lè ou kontinye edikasyon ou, wap prepare pou karyè ki pi byen peye pou amelyore lavi ou ak lavi lòt moun ki depann sou ou yo.

Ki Pwogram Ki Disponib?

Preparasyon Pou GED®

Fè diplòm lekòl segondè ou nan IRSC avek èd klas GED® prep la epi pwofesè kap pran bon swen ou. Pa gen zafè ki lè ou te kite lekòl; IRSC kapab kòmanse ou nan chemen ki bay direksyon siksè.

Travay nan pwòp vitès ou, konsantre sou lekti, ekriti ak matematik epi amelyore konpetans ou pou ka pare pou pase egzamen GED® an, epi resevwa diplòm lekòl segondè ou ak siksè. Ou kapab menm pran klas sou entènèt!

Gen konseye kap ede ou avek tout zouti epi resous ki nesèsè pou ou kapab jwenn travay oswa antre nan kolèj. Mande nou ki jan ou kapab pran klas kolèj menm pandan wap prepare pou diplòm ou.



Lekol Segondè (AHS)

Ou kab fè diplòm lekòl segondè ou nan IRSC High School (AHS) - se yon lekòl leta apentan ki bay opòtinite estrawòdinè pou edikasyon ou. Klas yo kòmanse pandan tout lane a, epi gen klas sou entènèt ki disponib pou moun ki kalifye. Pou kapab enskri, ou dwe:

- Gen 16 an laj oswa pi gran
- Pou ofisyèlman retire nan lòt pwogram lekòl segondè ou te ye a
- Prezante yon kopi relve nòt ofisyèl lekòl segondè ou te ye a (AHS sèlman)
- Pran yon ekzamen dyagnostik
- Ranpli Aplikasyon pou Admisyon (non-kredi) IRSC a
- Peye frè trimès pou Edikasyon Granmoun nan
- Pran randevou avèk yon fasilite pou enskri ou nan klas yo
- Planifye pou ale nan tout klas yo

Lekol Segondè IRSC se eta Florid la ki sipòte li, epi li gen akreditasyon nan Asosyasyon Kolèj ak Lekòl Nan Sud Yo.

Doub Enskripsyon se yon gwo opòtinite pou elèv ki kalifye epi ki vle pran klas difisil pou yo kòmanse jwenn kredi kolèj GRATIS sou yon degre oswa sètifikasyon endistriyel pandan menm yo nan lekòl segondè a.

Gen yon pwogram **Rekiperasyon Kredi** tou pou etidyan ki nan nenpòt High School kap bezwen retabli kredi yo. Elèv lekòl segondè sa yo gen chwa pou pran klas aswè oswa sou entènèt.

Angle Kòm yon Dezyèm Lang (ESL)

Nan IRSC, ou kapab aprann oubyen amelyore angle ou pou kapab al travay oswa kontinye edikasyon ou. Nou ofri fòmasyon Chemen Karyè epi nou fè ansèyman pou ka fè Sitizenn. Pou konnen ki lokasyon ESL ki pi pre lakay ou, rele (772) 462-7487.

Wap Resevwa èd pou:

- Ladrès nan Ekri
- Gramè
- Tande
- Konvèsasyon
- Vokabilè
- Konpitè
- Opòtinite pou travay
- Planifikasyon pou Karyè
- Konpetans pou Lavi

